

EGZAMEN OTIS-LENNON POU DETÈMINE APTITID ELÈV LEKÒL MODÈL POU ELÈV PRATIKE JAN POU YO PRAN EGZAMEN AN

Chè Paran oswa Gadyen legal,

Nou mete avèk lèt sa a Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test (OLSAT)* : Setyèm edisyon, modèl pou elèv pratike jan pou yo pran egzamen an. Ou ka itilize modèl egzamen sa a pou familiarize pitit ou a avèk tip kesyon yo pral poze l nan egzamen an menm. Modèl egzamen OLSAT la byen pwoteje. Se responsablite pou w pwoteje sekirite modèl egzamen an, e pou sa ou dwe mete w dakò ak nou pou bagay sila yo :

- Pa montre lòt moun oswa pa diskite avèk lòt moun, anjeneral oswa anpatikilye, kesyon nou mande nan modèl egzamen an;
- Pa fè fotokopi okenn pati nan modèl egzamen oswa nan machaswiv pou pran egzamen an;
- Sèl timoun sa yo ki gen paran oswa gadyen legal ki ranpli yon aplikasyon pou yo evalye yo pou admisyon nan yon Pwogram pou timoun douwe *Gifted and Talented (G&T)* Depatman Edikasyon vil Nouyòk *NYC Department of Education (NYCDOE)* ka itilize modèl egzamen sa a.

Pou paran timoun ki nan klas Prematènèl *Pre-K* : Tanpri sonje ke nou pa p atann nou aske elèv yo *bubble* kesyon yo nan liv egzamen an; sepandan, yo dwe ka endike prezizeman avèk yon kreyon repons yo chwazi pou chak kesyon.

OLSAT

Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl
Setyèm edisyon

Arthur S. Otis • Roger T. Lennon

**Esplikasyon pou bay elèv la sou jan pou I fè
modèl egzamen an
Nivo C**



0158610326



Copyright © 2006 Harcourt Assessment, Inc.

Se *Harcourt Brace and Company* ki gen *Copyright* © edisyon estanda 1995 lan.

Tout dwa rezève. Moun pa gen dwa repwodui oswa transmèt okenn pati bibliyasyon sa a nenpòt ki jan oswa pa okenn fòm kit elektwonik oswa mekanik, pa egzanp fotokopi, anrejistreman, oswa okenn fason pou konsève enfòmasyon, oswa sistèm pou pran kèk enfòmasyon ladan atit rechèch pou w itilize pou lizaj pèsonèl san pèmisyon ekri mezon edisyon an. *HARCOURT* ak *Logo Harcourt Logo* se mak komèsyal ki se pwopriyete Harcourt, Inc., ki enskri sou rejis Ozetazini e nan lòt jiridiksyon Etazini. Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test (OISAT)* se yon mak komèsyal ki enskri sou rejis Ozetazini e nan lòt jiridiksyon Etazini. Nou teibliye anvan sa pati nan travay rechèch sa a. Dokiman sa a enprime Ozetazini.

Esplikasyon pou bay Modèl egzamen aptitud la

Rezon ki fè n ap bay pitit ou a Egzamen pratik sa a se pou prepare l pou li pran Egzamen Otis-Lennon pou detèmine aptitud elèv lekòl *Otis-Lennon School Ability Test (OLSAT)*, konsa pou li ka vin abitye l avèk kalite kesyon k ap parèt nan egzamen an. L ap aprann rekonèt jan pou l lokalize ranje sou fèy egzamen an, swiv yon ranje sou tout paj la depi agòch jiska adwat, make repons yo kòrèkteman, epi chanje repons yo lè sa nesesè.

Egzamen pratik yo ap ede elèv yo konprann sa y ap atann de yo lè yo pran egzamen reyèl la, kidonk pou diminye enkyetid yo lè y ap paran egzamen an.

Nou pa bay nòt pou egzamen pratik la. Kidonk, ou dwe bay pitit ou a tout èd ki nesesè pou l reponn kesyon yo avèk siksè. Pou w itilize pi byen egzamen an, ou dwe bay egzamen pratik la apeprè yon semenn anvan timoun lan pran egzamen regilye a. Pou ede w, w ap jwenn repons kòrèk pou kesyon yo enprime nan paj 13.

Esplikasyon espesifik pou bay pitit ou a pou l pran egzamen an

Tout esplikasyon pou w li pou pitit ou a enprime an **lèt pi fonse**. Esplikasyon pou paran yo (ou pa dwe li awotvwa) enprime an lèt regilye. Si w fè yon fot lè w ap li yon kesyon pandan egzamen an, estope yon moman epi di konsa : “Non, sa a pa bon. Koute ankò.” Answit, li kesyon an oswa esplikasyon an kòrèkteman.

Di konsa :

Jodi a nou pral fè kèk aktivite enteresan ki tankou devinèt.

Esplikasyon ki enprime an lèt fonse fasilite jan pou w di kesyon yo pou pitit ou a

Mwen pral ba w yon tiliv. Kite tiliv mwen ba w la fèmen jouk lè mwen di w kisa pou w fè.

Distribiye tiliv Egzamen pratik la, yon jan pou premye paj kouvèti a anlè. Asire w ou bay pitit ou a yon tiliv, yon kreyon, ak yon gòm.

Kounye a kòmanse egzamen pratik la.

Di konsa :

Nou pral fè kèk pwoblèm kounye a. Petèt, ou ka panse yo enteresan e etranj, tankou devinèt. Ekri repons ou yo nan tiliv ou a. Nou pral diskite sou chak devinèt ofiyamezi, pou w ka konprann jan pou w abòde tout.

Louvri tiliv ou a nan paj 3.

Asire pitit ou a louvri tiliv li a kòrèkteman, e ke l ap li nan paj 3 a.

Di konsa :

1 Gade gwoup pòtre ki anwo paj 1 an. Lè pòtre yo kòmanse sou yon bò paj la pou l fini sou lòt bò a konsa, nou di yo an ran.

Nan ranje sa a, ou wè senk pòtre. Youn nan pòtre sa yo pa ale ak lòt pòtre yo paske li pa menm ak lòt pòtre yo. Èske w kapab di m kiyès nan pòtre sa yo diferan de lòt pòtre yo?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, kòrèk. Pòtre lapen an se li ki diferan an, pa vre? Gen yon bagay ki manke nan tout lòt pòtre yo. Zegwi òlòj la yo manke, bouch ti gason an manke, pye tab la manke, epi chif telefòn lan manke. Lapen an ann antye, li pa manke anyen, kidonk li pa menm ak lòt pòtre ki nan ranje sa a.

Di konsa :

Kounye a, m ap montre w kouman pou w make repons ou. Èske ou wè ti wonn anba pòtre yo? Nou rele yo espas pou make repons. Etandone lapen an pa menm ak lòt pòtre ki nan

ranje sa a, w ap nwasi nan espas ki anba twazyèm pòtre a. Se konsa ou make repons ou.

Montre pitit ou a kouman pou li make repons li nan espas la. Pou l fè sa, l ap fè yon wonn pou l mete repons lan epi l ap nwasi wonn lan. Pitit ou pa bezwen make tou wonn repons lan ann antye, epi li pa bezwen nwasi tout espas ki nan wonn lan. Montre pitit ou a kouman pou l efase yon repons li ka vle chanje. Asire w pitit ou a swiv tout eksplikasyon yo kòrèkteman.

.Jenn timoun yo ap benefisye lè w montre yo jan pou yo make repons yo nan espas yo mete pou sa a.

Di konsa :

2 Kounye a gade kesyon 2 a. Nan ranje sa a, ou wè kèk flèch won. Youn nan flèch sa yo pa ale ak lòt yo. Ki flèch ki pa menm ak lòt yo?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, kòrèk. Katriyèm flèch la pa menm ak lòt yo. Flèch sa a diferan de lòt yo paske li ale nan yon direksyon ki pa menm ak direksyon lòt yo. Tout lòt flèch yo ale nan menm direksyon ak lòt yo la, men katriyèm flèch la ale nan yon lòt direksyon. Make repons ou nan espas anba katriyèm flèch la. Èske w konprann?

Reponn tout kesyon yo. Asire w pitit ou a nwasi espas pou repons lan kòrèkteman. Answit al li kesyon 3 a.

Di konsa :

3 Kounye a gade kesyon 3 a. Nan ranje sa a, ou wè kèk pòtre bagay diferan. Make repons ou nan espas anba pòtre ki pa menm ak lòt pòtre yo.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons li yo.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, ou te dwe make espas ki anba premye pòtre a. Kounye a, nou pral wè pou ki rezon. Nan tout pòtre sa yo, gen yon bagay moun ka pote, men gen kat bagay moun itilize pou pote lòt bagay. Radyo a se sèl bagay moun pa ka itilize pou pote lòt bagay. Èske w konprann pou kisa se premye pòtre a ki se repons kòrèk la?

Lè w pran tan w pou byen eksplike timoun lan, sa ede l konprann pou kisa move repons pa bon.

Asire w pitit ou a konprann kesyon 3 a. Answit al li kesyon 4 la.

Di konsa :

4 Kounye a gade kesyon 4 la. Nan ranje sa a, ou wè kèk pòtre. Make repons ou nan espas ki anba desen ki pa menm ak lòt pòtre yo.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, dènye desen an se sa ki diferan an, pa vre? Nan tout desen yo gen yon liy oblik ki kwaze tout liy dwat yo. Nan dènye desen an, liy oblik la kwaze kat liy sèlman, pa tout. Èske w konprann?

Reponn tout kesyon yo.

Di konsa :

Si w te make espas ki anba yon lòt bwat, efase repons ou a, epi make repons nan espas ki anba senkyèm desen an.

Pran yon ti pòz pou bay pitit ou a tan pou li efase, epi pou l make repons ki kòrèk la.

Di konsa :

Kounye a ale nan paj 4.

Eksplike pitit ou a an detay tout chanjman nan prezantasyon egzamen an.

5 Gade kesyon 5 ki anwo paj la. Gade pòtre ki nan de bwat anlè a. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Kounye a gade pòtre ki nan premye bwat anba a. Imajine sa ou ta dwe mete nan bwat vid ki akote li a. Answit, jwenn repons pou w bay la nan ranje ki akote bwat yo, epi make repons ou a chwazi a.

Pran yon ti pòz.

Di konsa :

Ou te dwe make espas pou repons ki anba dènye pòtre a. Kawotchou yon oto ale ak volan yon oto menm jan yon bisiklèt ale ak yon gidon bisiklèt. Si w te make yon lòt repons, efase li, epi make repons ki bon an.

Pran yon ti pòz pou pitit ou a efase move repons lan, epi pou l make repons li kòrèkteman.

Di konsa :

Èske w vle poze kesyon?

Reponn tout kesyon yo. Repete eksplikasyon an si sa nesesè. Answit al li kesyon 6.

Di konsa :

6 Kounye a gade kesyon 6 la. Gade fòm ki nan de bwat ki anwo a. Fòm sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Kounye a, gade premye bwat ki anba a. Nan bwat la ou wè yon lòt kalite fòm. Imajine sa ou dwe mete nan espas vid ki akote li a. Kisa ki ale ak fòm ki nan ranje anba a menm jan de fòm nan ranje a ale youn ak lòt? Jwenn repons yo nan ranje ki

akote bwat yo, epi make repons ou chwazi a pa anba.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

[Nou pèmèt ou pran yon tan san limit pou Egzamen pratik la pou asire pitit ou a konprann pwosesis la.](#)

Di konsa :

Ou te dwe make espas repons lan anba twazyèm pòtre a. Kounye a, nou pral wè pou ki rezon. Premye bwat ki anwo a gen yon sèk ki gen ladan li de pati ki blan ak de pati fonse. Pati fonse yo sou de bò yo. Dezyèm bwat la gen menm sèk yo, men yo vire yon jan pou pati fonse yo anwo e anba. Kounye a gade kare nan premye bwat ki anba a. Yo vire kare sa a ansòt pou pati fonse yo anwo e anba. Èske w konprann pou kisa se twazyèm repons lan ki kòrèk?

Reponn tout kesyon yo. Answit al li kesyon 7.

Di konsa :

7 Kounye a gade kesyon 7 la. Gade pòtre ki nan de bwat anlè a. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Reflechi sou jan pòtre sa yo ale youn ak lòt. Kounye a gade pòtre ki nan premye bwat anba a. Nan bwat sa a ou wè yon bouji. Imajine sa ou ta dwe mete nan bwat vid ki akote bouji a. Make espas ki anba repons ou a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, ou te dwe make espas ki anba dènye pòtre a, anpoul la. Gade pòtre ki nan ranje anwo bwat la. Yon bale ak yon aspiratè se bagay moun itilize pou fè netwayaj. Aspiratè se yon zouti modèn moun itilize pou fè netwayaj. Kounye a gade premye bwat ki anba a. Yon bouji se yon bagay moun itilize pou fè limyè. Anpoul ki nan pwochen pati ranje a se repons kòrèk la paske li se yon bagay modèn moun itilize pou fè limyè. Èske w konprann pou kisa se anpoul la ki se repons kòrèk la?

Reponn tout kesyon, epi bay plis eksplikasyon, si sa nesèsè.

Di konsa :

Si w te make espas ki anba yon lòt repons, efase repons lan, epi make espas ki anba anpoul la.

[Ankouraje pitit ou a mete l alèz pou efase repons ki pa bon pou l chanje yo.](#)

Pran yon ti pòz pou pitit ou a efase move repons lan, e pou li make repons lan kòrèkteman. Answit a li kesyon 8 la.

Di konsa :

Gade kesyon 8 la. Gade desen ki nan de bwat anwo a. Desen sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Kounye a gade desen ki nan premye bwat anba a. Imajine sa ou ta dwe mete nan espas vid ki akote li a. Answit, chèche repons ou nan ranje ki akote bwat yo, epi make espas ki anba repons ou chwazi a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ou te dwe make espas repons ki anba twazyèm desen an. Kounye a, nou pral wè pou ki rezon. Gade bwat yo ankò. Nan premye bwat ki anwo a, desen an blan. Nan dezyèm bwat la, menm desen an gen anba l fonse. Kounye a gade desen ki nan premye bwat anba a. Desen sa a blan tankou sa ki anwo a. Gade desen ki nan premye pati ranje a. Twazyèm desen an gen menm fòm ak desen ki anba a, epi mwaye anba l fonse. Lòt repons yo pa bon paske pati fonse pa kote li sipoze ye a, oswa lòt repons yo pa gen menm fòm. Èske w konprann pou kisa se twazyèm repons lan ki se repons kòrèk la?

Reponn tout kesyon pitit ou ka poze w. Repete eksplikasyon an si sa nesesè.

Di konsa :

Kounye gade anwo pwochen paj la, paj 5.

9 Gade kesyon 9 la. Gade pòtre nan bwat ki nan kòmansman ranje a. Pòtre sa yo ale youn ak lòt yon sèten fason. Yo dwe mete yon bagay nan bwat vid la. Ann chèche ansanm sa yo dwe mete nan bwat la. Sa k ap pase de yon bwat a yon lòt?

Nou mete nan Egzamen pratik la tout aptitud n ap evalye nan OLSAT la.

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, gen desen ki gen flèch ki oryante nan diferan direksyon. Nan premye bwat la, yon kare gen yon flèch ki oryante vè anba. Dezyèm bwat la gen yon sèk ki gen yon flèch ki oryante agòch. Gen yon kare ankò nan twazyèm bwat la, men flèch la oryante vè anlè. Gen yon sèk ankò nan pwochen bwat la, men flèch la oryante adwat. Kisa yo dwe mete nan bwat vid la?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Se yon kare ki dwe pwochen desen pou ale nan bwat la, pa vre? Kidonk nou konnen toulède repons ki gen yon sèk pa bon. Paske flèch ki anndan kare ki nan bwat yo oryante vè anlè ak vè anba sèlman, e nou konnen kare ki gen flèch oryante adwat la pa repons kòrèk la. Ou te dwe make anba premye repons lan, kare ki gen flèch ki oryante vè anba a. Èske w konprann?

Asire w pitit ou a konprann. Bay li plis eksplikasyon si sa nesesè.

Di konsa :

10 Kounye a gade kesyon 10 la. Pòtre ki nan kòmansman ranje a montre Gloria ak zanmi li yo. Yo gen sèlman ase biskwit pou yo chak gen de biskwit. Nan pwochen pati ranje a, make anba desen ki montre konbyen biskwit sa fè ansanm pou yo tout.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, ou te dwe make espas ki anba twazyèm pòtre a. Pou Gloria ak zanmi li yo ka gen de biskwit yo chak, te dwe gen antou wit biskwit. Ou ka remake kalkil Aritmetik la pa difisil. Sèlman ou dwe fè atansyon pou w tandè byen. Leve men w si w vle poze yon kesyon.

Reponn tout kesyon yo. Answit al li nimewo 11 lan.

Di konsa :

11 Kounye a al li kesyon 11 lan. Gade lèt nan bwat ki nan kòmansman ranje a. Koute règ sa a. Yon X reprezante yon A, epi yon C reprezante yon M. Nan pwochen pati ranje a, make repons ou anba lèt yo ki reprezante yon A ak yon M. Koute ankò. Yon X reprezante yon A, epi yon C reprezante yon M. Nan pwochen pati ranje a, make repons ou anba lèt ki reprezante yon A ak yon M.

Egzamen pratik la gen ladan l kesyon pou tout nivo difikilte, pou pitit ou ka aprann sa l ap gen pou konfwonte nan vrè egzamen an.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Ou te dwe make espas pou repons ki anba dezyèm gwoup lèt yo. Paskè yon X reprezante yon A, nou konnen lèt X te dwe plase an premye. Epi yon C reprezante yon M, kidonk lèt C te dwe plase apre. Èske w vle poze kesyon sou sa nou fèk fè a?

Reponn tout kesyon pitit ou a ta ka poze w.

Di konsa :

12 Kounye a, li kesyon 12 la. Koute. Yo montre dejene Liz ak Matt nan desen ki nan kòmansman ranje a. Answit Liz manje mwatye *sandwich* li, e bwè tout ji li a. Matt manje pòm li a sèlman. Nan pwochen pati ranje a, make repons ou anba desen ki montre sa ki rete nan dejene Liz ak Matt la.

Lè w enkli Lèza nan pwosesis egzamen an, li vin mwen difisil pou pitit ou a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Èske ou jwenn repons lan?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Dezyèm pòtre a se repons ki kòrèk la, pa vre? Dezyèm pòtre a montre yon dejene kote yon moun manje mwatye sandwich e bwè tout ji li, epi pou lòt manje midi a, yon moun manje pòm lan sèlman. Si w te make yon lòt repons, efase l, epi nwasi espas ki anba dezyèm pòtre a.

Pran yon ti pòz pou pitit ou efase move repons lan, epi pou li make repons lan kòrèkteman.

Di konsa :

Kounye a vire paj la. Gade ranje 13 la.

13 Pòtre yo ki nan bwat la ale youn ak lòt yon sèten fason. Yo dwe mete yon bagay nan bwat vid la. Imajine sa yo dwe mete nan espas vid la. Answit make anba repons ou chwazi a nan pwochen pati ranje a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Nan premye ranje ki anwo a, gen gwo kare ki gen ti sèk blan anndan yo. Toudabò, gen kat ti sèk, answit, gen twa sèk, epi de sèk. Nan pwochen ranje a gen gwo sèk ki gen ti kare blan anndan yo. Nan pwochen ranje a gen gwo kare ki gen ti sèk gri anndan yo. Gen kat sèk epi gen twa. Ou te dwe make anba dènye repons lan, yon gwo kare ki gen de ti sèk gri anndan li. Èske w konprann pou kisa se katriyèm repons lan ki kòrèk?

Reponn tout kesyon yo. Bay plis eksplikasyon si sa nesesè.

Di konsa :

14 Li kesyon 14 la. Gade lèt nan bwat ki nan kòmansman ranje a. Koute sa k ap pase. Lèt M lan deplase pou l ale kote lèt G a ye. Lèt J a deplase pou ale kote lèt F la ye. Lèt G a, lèt F la, ak lèt B a *drop out*. Nan pwochen pati ranje a, make anba pòtre ki montre kouman lèt yo sanble kounye a. Koute sa k ap pase. Lèt M lan deplase pou l ale kote lèt G a ye. Lèt J a deplase pou l ale kote lèt F la ye. Lèt G, lèt F, ak lèt B *drop out*. Make anba repons ou chwazi a.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki pòtre ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, twazyèm repons lan se repons ki kòrèk la. Ou kapab remake lèt M la te deplase pou l ale nan plas lèt G te ye a, lèt J a te deplase pou l ale nan plas lèt F te ye a, epi lèt G, F, ak B te *drop out*. Lòt repons yo pa bon paske lèt M ak lèt J plase yon move kote oswa gen lèt nan bwat yo ki te dwe *drop out*. Èske w vle poze kesyon?

Reponn tout kesyon yo.

Di konsa :

15 Kounye a ale nan pwochen ranje a. Gade twa flèch ki nan kòmansman ranje a. Flèch dwat la vle di kanpe. Flèch koube a vle di chita. Flèch kase a vle di sote. Nan pwochen pati ranje a, make anba gwoup flèch ki vle di chita, kanpe, sote, kanpe...

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Kòrèk, premye repons lan se repons ki kòrèk la. Li se sèl repons ki gen yon gwoup flèch ki vle di chita, kanpe, sote, kanpe. Èske w make premye repons lan?

Bay plis eksplikasyon sou kesyon 15 lan, si sa nesèsè.

Di konsa :

16 Gade dènye ranje a. Make anba pòtre ki montre : De timoun wo ki mete yon chapo dèyè twa timoun kout ki san chapo.

Pran yon ti pòz pandan timoun lan ap make repons lan.

Di konsa :

Ki espas ou make a?

Pran yon ti pòz pou tann repons lan.

Di konsa :

Wi, katriyèm repons lan se repons ki kòrèk la. Li se sèl pòtre ak de timoun wo ki mete yon chapo ki kanpe dèyè twa timoun kout ki san chapo. Èske w konprann?

Asire w pitit ou a konprann kesyon 16 la.

Di konsa :

Se tout sa n ap fè kounye a. Depoze kreyon ou. Nan kèk jou, nou pral fè kèk lòt pwoblèm

tankou sa yo. Y ap vin parèt pi fasil pou ou, paske ou pral sonje kouman pou w fè yo. Fèmen tiliv ou a yon jan pou premye paj kouvèti a ka pa anwo.

Pran tiliv egzamen an nan men li. Konsa ou fini Egzamen pratik la.

Lis repons kòrèk yo.


1	3
2	4
3	1
4	5
5	1
6	3
7	4
8	3
9	1
10	3
11	2
12	2
13	4
14	3
15	1
16	4

OISAT

Otis-Lennon School Ability Test

Seventh Edition

Arthur S. Otis • Roger T. Lennon



PRACTICE TEST



HARCOURT® Educational
BRACE Measurement

SAN ANTONIO
Orlando • Boston • New York • Chicago • San Francisco • Atlanta • Dallas
San Diego • Philadelphia • Austin • Fort Worth • Toronto • London • Sydney



Practice Test Level C

1




2



3




4








5





6



7





8









9



10



11



AX



XC



MA



CM




12









13



14



15



16

